

# Enfòmasyon sou vaksen pou paran ak fanmi yo

Li enpòtan pou konnen tout bagay sou vaksen yo pou kenbe pitit ou an sante epi an sekirite. Sèvi ak gid sa a pou konprann enkyetid komen yo epi pou jwenn enfòmasyon ou bezwen sou vaksen yo.

## Èske vaksen yo an sekirite pou pitit mwen an?

Wi. Vaksen yo trè an sekirite. Etazini gen yon sistèm ki la depi lontan pou asire ke vaksen yo an sekirite. Gen plizyè milyon timoun ki resevwa vaksen san danje chak ane.

## Èske Massachusetts chanje rekòmandasyon li yo pou vaksen pou timoun?

Non. Massachusetts itilize [Kalandriye Vaksinasyon pou Timoun ak Adolèsan Akademi Ameriken pou Pedyatri \(AAP\) Rekòmande](#) pou rekòmandasyon vaksen pou tibebe, timoun ak adolesan. Doktè ak ekspè nan sante timoun yo te kreye kalandriye a epi yo mete l ajou regilyèman avèk dènye rechèch ak pi bon pratik yo. Vaksen yo ap kontinye disponib nan Massachusetts pou tout timoun kèlkeswa asirans lan.

## Ki benefis ak efè segondè vaksen yo?

Vaksen yo ka pwoteje pitit ou kont maladi enfeksyon ki ka danjere oswa mòtèl, tankou lawoujòl oswa koklich (tous). Pifò efè segondè yo, tankou yon ti lafyèv, iritasyon, oswa yon bra ki fè mal, yo pa grav epi anjeneral yo disparèt nan kèk jou. Sa yo se siy nòmal ki montre kò pitit ou a ap aprann kijan pou konbat maladi a.

Si tibebe w la gen pwoblèm oswa li pa alèz apre li fin pran vaksen an, ou ka mete yon twal mouye epi frèt sou zòn k ap fè mal la. Malgre efè segondè grav yo ra anpil, benefis pou rete pwoteje yo pi plis pase risk pou efè segondè posib.

## Èske gen yon lyen ant vaksen ak otis?

Non. Gwo òganizasyon sante yo, tankou [AAP](#) ak [Òganizasyon Mondyal Sante \(OMS\)](#), ak rechèch yo kontinye montre pa gen okenn relasyon ant vaksen ak otis. Pandan plizyè dizèn ane, chèchè yo te etidye vaksen sou plizyè milyon timoun. Nan etid sa yo, chèchè yo te konpare timoun ki te pran vaksen yo ak timoun ki pa t pran vaksen yo. Yo toujou pa jwenn okenn ogmantasyon risk pou yo gen otis pami timoun ki te pran vaksen yo.

## Èske vaksen yo san danje si m ansent?

Wi. Gen kèk vaksen ki san danje epi yo rekòmande pandan gwosès, tankou sa yo ki pou koklich (koklich), RSV, COVID-19, ak grip. Vaksen sa yo pwoteje ou epi bay tibebe w la yon pwoteksyon bonè pandan premye mwa lavi li lè li twò piti pou l pran vaksen li menm. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [Videyo Edikasyon Pasyan: Vaksen Rekòmande Pandan Gwosès | ACOG](#)

## Èske vaksen yo ka twò chaje sistèm iminitè tibebe m nan?

Non. Kò yon timoun konbat anpil mikwòb chak jou. Mikwòb yo gen pati yo rele antijèn ki di sistèm iminitè kò a pou l konstwi antikò epi konbat maladi. Lè yon tibebe pran yon vaksen, sistèm iminitè li konstwi antikò. Sa prepare kò li pou l konbat epi touye mikwòb la si l antre an kontak avè l. Vaksen yo se yon fason ki an sekirite pou kò a aprann konbat maladi.

## Èske pitit mwen an ap toujou gen pwoteksyon kont maladi si mwen tann pou ba li vaksen pita?

Vaksen pwoteje timoun yo pi byen lè yo bay yo alè. Anpil maladi grav, tankou koklich ak Hib, pi danjere pou timoun ki poko gen 2 zan. Si w tann pou w bay pitit ou vaksen an, sa ka mete sante l an danje. Yo ka pran maladi sa yo nan kote yo abitye avèk yo tankou lakou rekreyasyon an oswa nan makèt la.

Si w swiv orè AAP [rekòmande](#) a, sa ap pwoteje tibebe w la lè li pi bezwen l lan.

## Èske nou pa debarase nou de pifò nan maladi sa yo nan peyi sa a?

Vaksen ede anpeche anpil maladi. Gen kèk maladi vaksen ka anpeche, tankou koklich ak varisèl, ki toujou komen nan Etazini. Gen lòt maladi ki pa komen ankò Etazini paske vaksen yo ap anpeche yo avèk sikse.

Sepandan, si nou ta sispann bay vaksen, kèk ka maladi enfeksyon nou genyen Etazini yo ta ka byen vit tounen plizyè milye. Pandan ke vaksen yo fè anpil maladi vin ra Etazini, yo pa elimine atravè lemond. Maladi sa yo ka toujou antre nan kominote nou yo atravè vwayaj. Li esansyèl pou kontinye bay vaksen paske san li, ti kantite ka nou wè jodi a—tankou lawoujòl—ta ka byen vit mennen nan epidemi toupatou. Rete ajou sou vaksen yo asire ke fanmi nou yo ak kominote nou yo pwoteje kont maladi sa yo kounye a ak pandan jenerasyon k ap vini yo.

## Èske tibebe yo pa gen iminite natirèl? Èske se pa pi bon pase vaksinasyon?

Tibebe yo ka jwenn yon pwoteksyon tanporè grasa antikò paran yo. Sepandan, sa sèlman dire pou yon ti tan epi li kouvri sèlman maladi paran an gen iminite kont yo. Pandan ke iminite natirèl la soti nan maladi, risk yo pi gwo. Pa egzanp, pran varisèl ka mennen nan pwoblèm grav tankou nemoni, alòske vaksen an tipikman sèlman lakòz efè segondè minè tankou yon bra ki fè mal.

## Èske m ka tann pou m vaksinen tibebe m nan si m ap bay tete?

Li enpòtan pou w vaksinen tibebe w la menm lè l ap pran tete. Lèt manman bay yon pwoteksyon enpòtan kont kèk enfeksyon pandan sistèm iminitè tibebe w la ap devlope. Pa egzanp, tibebe ki tete gen mwens risk pou yo gen enfeksyon zòrèy, enfeksyon nan aparèy respiratwa, ak dyare. Sepandan, li pa ka pwoteje tibebe w la kont anpil maladi grav ki ka anpeche ak vaksen. Tibebe yo gen plis risk pou yo malad lè yo tou piti. Si w tann pou w vaksinen, yo p ap pwoteje lè yo pi bezwen l. Lè w rete ajou sou vaksen yo, sa asire ke tibebe w la gen pi bon pwoteksyon posib pou l rete an sekirite epi an sante.

Aprann plis nan.

[mass.gov/DPH/ChildhoodVaxFAQ](https://mass.gov/DPH/ChildhoodVaxFAQ)

[mass.gov/DPH/ChildhoodVaxResources](https://mass.gov/DPH/ChildhoodVaxResources)

